


# Dzivirira mwana wako nenhomba yeBCG

## Chii chinonzi TB (tuberculosis)?



TB chirwere chinopararira nemumhepo uye chinonyanya kubata mapapu. Chinorapika, asi kurapwa kwacho kunogona kutora nguva yakareba.

TB inonyanya kubata mapapu, asi inogona kubatawo dzimwe nhengo dzemuviri. Vana vadiki vane mukana mukuru wekubatwa neTB mudzimwe nhengo dzemuviri, dzakaita sehurupi (TB meningitis). TB inowanzorapika nemishonga yakakodzera, asi kurapwa kwayo kunotora nguva yakareba.

## Ndiani anoda nhomba yeBCG?

Nhomba yeBCG inodzivirira TB. Mulireland, vana vakawanda havadi nhomba yeBCG nekuti TB yava ishoma.

Tinopa BCG kuvana vari pasi pemwedzi 12 vanenge vari panjodzi huru yekusangana neTB. Vana ava ndeviri pasi pemwedzi 12 uye:

- vanogara nemunhu akaberekerwa munyika yakapararira chirwerecheTB.
- vakaberekerwa kana kuti vakagara kwemwedzi inopfuura mitatu munyika yakapararira chirwerecheTBuye vasati vambobaiwa nhomba yeBCG.
- vakaberekwa nevabereki vane TB isina kurapwa kana kuti vanogara vachisangana nevanhu vane TB isina kurapwa.

Unogona kuwana nyika dzose dzakapararira chirwere cheTBkuburikidza nekushanyira webhusaiti yeWorld Health Organization:

- [www.who.int/health-topics/tuberculosis](http://www.who.int/health-topics/tuberculosis)

Dzimwe nguva, vamwe vana vanogona kukurudzirwa kuti vabayiwe nhomba yeBCG. Chiremba wako achakupa zano panyaya iyi.



## Ndiani asingafaniri kubaiwa nhomba yeBCG?

Vamwe vana havafaniri kubaiwa nhomba yeBCG. Mukoti kana chiremba achataura newe mwana wako asati abayiwa nhomba kuti ave nechokwadi chekuti mwana wako akakodzera kubaiwa nhomba yeBCG.

## Kana mwana wako asiri kunzwa zvakanaka, chimbomira kumubaisa nhomba.


Kana mwana wako achirwara achidziya muviri(zvinopfuura 38 degrees Celsius), unofanira kumbomira kumubaisa nhomba yeBCG kusvika mwana wako apora.

Kana usina chokwadi kuti mwana wako anofanira kubaiwa nhomba here, bvunza chiremba kana mukoti wako kuti: “**Mwana wangu anoda nhomba yeBCG here?**”

Kuti uwane rumwe ruzivo, shanyira [hse.ie/bcg](http://hse.ie/bcg)

## Kubayiwa nhomba kusati kwaitwa

Ongororo yeropa rinotorwa pachitsitsinho chevacheche



Vabereki vevacheche vese vanoberekerwa mulreland vanopihwa mukana wekuti vacheche vavo vaongororwe neropa rinotorwa pachitsitsinho mukati mevhibi rimwe chete vaberekwa.

Vabereki vevacheche vanotamira kulreland vana vavo vari pasi pemwedzi 12 vanopihwawo mukana wekuti vacheche vavo vaongororwe neropa rinotorwa pachitsitsinho.

Ongororo iyi inotarisa zvimwe zvirwere zvakakomba, kusanganisira zvinobata masoja emuviri anodzivirira zvirwere. Tinofanira kutarisa zvabuda muongororo iyi tisati tabaya mwana wako nhomba yeBCG.

## Kuongorora kana mwana wako, mucheche kana mukuru, angave akambosangana neTB

Mwana wako anofanira kuongororwa asati abaiwa nhomba yeBCG kana:

- akaberekerwa munyika yakapararira chirwere cheTB.
- akagara munyika yakapararira chirwere cheTBkwemwedzi inopfuura mitatu.
- akasangana nemunhu ane TB isina kurapwa.

Ongororo iyi inotarisa kana mwana wacho akatotapukirwa neTB.



## Ndinofanira kunonoka kubaisa dzimwe nhomba dzevana kana mwana wangu abaiwa BCG here?

Kwete. Tinogona kupa nhomba dzevana chero nguva mushure menhomba yeBCG. Haufaniri kunonoka kurongera mwana wako nhomba idzi.

Kana mwana mukuru achida imwe nhomba mukati memwedzi mitatu abaiwa BCG, anofanira kubaiwa nhomba iyoyo mune rimwe ruoko.



## Kuzivisa zvinokonzerwa nemushonga zvisingadiwi

Kana uchifunga kuti iwe kana mwana wako makava nemhedzsiro isingadiwi mushure mekubaiwa nhomba, unogona kuzivisa Health Products Regulatory Authority (HPRA) pa [www.hpra.ie](http://www.hpra.ie). Chiremba wako, mukoti, pharmacist kana nhengo yemhuri vanogonawo kuzivisa HPRA nezvemhedzsiro iyoyo.

Unogonawo kuwana zvibanidzi zvepapa eruzivo rwevarwere pamusoro penhomba iyi pa [www.hpra.ie](http://www.hpra.ie). Tsvaga nhomba yeBCG kuti uverenge ruzivo rwakakodzera.

Chikumi 2026.